ВАХИТ ХАДЖИМУРАДОВ



ВАХА, ЙАХА

II декъехь драма (сценари)

18+

Вахит Хаджимурадов

Ваха, Йаха. II дакъехь драма

«Автор»
2025

Хаджимурадов В. У.

Ваха, Йаха. II дакъехь драма / В. У. Хаджимурадов — «Автор», 2025

Драма в двух действиях на чеченском языке. Молодые люди Ваха и Йаха принадлежат двум разным тайпам. На основе бытового соперничества между братом Йахи Берсом и Вахой возникают неприязненные отношения, последствием становится кинжальная рана, полученная Берсом.

© Хаджимурадов В. У., 2025
© Автор, 2025

Вахит Хаджимурадов
Ваха, Йаха. II дакъехь драма

Декъашхой:
Ваха – жима стаг, 17 шо, овхаройн тайпана;
Йаха – 16 шо долуш йо1, чинахойн тайпа;
Эмза – Йахин да;
Сата – Йахин нана;
Берс – Йахин ваша;
Висам – Вахин доттаг1а, овхаройн тайпана;
Сана – Йахин накъост;
Т1аус – жима стаг, тумсойн тайпана;
Овда – Йахин шича;
Элси – Йахин шича;
Лорс – Йахин шича;
Донса – Валаргт1ера лор;
Куьри – лор ингалсхо;
Молла – йуьртана молла.

I ДАКЪА. 1 сурт.

XVI- Б1ЕШЕРИЙН ЧАККХЕНА ЗАМА. ЛАЬМНАШ. ШОВДАНА ЙИСТЕХЬ ДИТТАШ. ШОВДАНА ЙИСТТЕХЬ БЕРД, ОХЬАДОГ1УШ ХИ. СЕХЬА МАЙДА. ЗУДБЕРИЙН ЭШАР: ДАЙМАХКАХ, БЕЗАМАХ. Т1АУС ШОВДАНА Т1Е ВОГ1У. БАСАРЕН Г1ЕБАРТОЙН Г1ОВТАЛ ЙУЬЙХИНА ВУ. ШАЬЛТА, ДОЬХКАНАХ ЙОЬЛЛИНА НОХЧИЙН ТАПЧА.

Т1АУС. (Г1АЙГ1АНЕ ГЕНА ХЬОЬЖУ, ЦХЬАЪ ЛОЬХУ) Йаха… Йаха… мичхьа йу хьо? Луларчу йоккха стага Датус къайлаха ма аьллара соьга, Йаха шовдана йистте йан реза хилар. Со ган дагахь. Соьца! (СИНТЕМ БОЦУШ Д1АСА ВОЛАЛО. РЕЗАВОЦУШ) И ма хьенйелла. (ЙОГ1ИЙ ХЬОЖУ)

(ЙАХА САНИЙЦА ДЕХЬА АГ1ОРА ГУЧУЙОЛУ К1УДАЛШЦА. ЦХЬАЪ ДУЬЙЦУШ САМУКЪНЕ ЙОЬЛУ)

ЙАХА. Хьажахьа, Сана, хьоьга хьжуш-м вац и «г1ебарто»?

САНА. Х1ан-х1а, сан доттаг1, иза лерамен жима стаг хьо лоьхуш ву.

ЙАХА. Х1унда ву и соьга хьоьжуш?

САНА. Йаха, дицделла хьуна?

ЙАХА. Х1ун дицделла? Ца кхета со, хьо х1ун ала г1ерта. Алий йалахь. Даима санна бегаш бо ахьа.

САНА. Ца бо аса бегаш, Йаха, дицделла хьуна Датус вайга хаьттина, маца хьо г1ура йу хи да шовдана? Схьалаца хьайна!

ЙАХА. Хирг хира дац! (ЙЕЛАКЪЕЖА). Со иштта ца ловзу.

САНА. Безамах кхеттарг а, т1амт1ехь санна воьхна хуьлу.

Т1АУС. (ЗУДАБЕРИЙН АЬЗНАШ ХЕЗИНА СХЬАВОЬРЗУ) Суьйре дика хуьлда, Йаха! Дика дац, хьайга хьежийта дика нах.

ЙАХА. Хьан хуьлда суьйре дика… дика стаг! Со-м ца кхета ахьа х1ун дуьйцу.

Т1АУС. Хьуна муха ца хаьа? (ША ШЕГА) Хазачу маьхкарийн амал йу моьтту суна иштта. (ЙАХИГА) Хьоаме йо1, хьажахьа, со атта оьг1аза воьдучарех вац хьуна. Делахь а, маьхкарш-кахь товш хета суна шега аьлларг дар а, шен дешан да хилар а.

ЙАХА. Бехк ма билла суна, жима стаг, хьан ц1е а ца хаьа суна. Делахь со-м йац ахьа дуьйцучунах кхеташ. Кхин цкъа а бехк ца биллар доьху, сан аг1ора хьуна цатам хиллехь.

Т1АУС. Аса ма элира хьоьга, со дегабааме вац. Ткъа ц1е-м Т1аус йу сан. Со тайпана турсой ву.

САНА. Жима стаг, хьуна хаан деза тхо йахьйолчу хинахой тайпана хилар, ша и нахчой санна ширачу тайпана.

Т1АУС. Йо1, тхайн лерамен турсойн тайпана баккхийчу наха олуш дерг аса дика кхе-тийна. Шадолу вайнехан тайпанаш лерамен ду. Ткъа шун хинахойн тайпа сан дегана ч1ог1а йуххера а ду.

САНА. Вай массо а ду цхьана ц1ийнах, амма тхан хинахойн тайп тоьллачех ду!

Т1АУС. Шун тайпана йуккъехь болу маьхкарий Йаха санна хаза белахь, со реза ву хьоьца, хьоме йо1. Хьан ц1е Сана йу, схьахетарехь. Амма со цхьа, ши дош ала лууш вара хьан накъосте, хьо теш а йолуш. Йаха, ахьа пурба лой суна.

ЙАХА. Лераме Т1аус, аса пурба ло хьуна.

Т1АУС. Дика йо1 Йаха, хьо дуьххьара суна гинчу хенахь дуьйна со кхийтира, хьо суна ч1ог1а тайна хилар. Со х1окху дуьнаначохь уггаре а ирсе стаг хир вара, ахьа суна хьо йолчу ван пурба делчи. Хьо ган шовдана йистте ван пурба лой ахьа суна?

ЙАХА. Лераме Т1аус, аса бехк ца биллар доьху, нагахь санна аса сайн лаам боцуш, хьуна бахьана даькхинехь иштта ойла хьоьга кхоллайайта. Дукха бу вайн хаза а, дика а маьхкарий. Хьо ирсе вен йериг карор йу хьуна.

Т1АУС. Иштта муха эр ду! Йаза, т1ехьийзаш к1ант хила веза хьан т1аккха.

ЙАХА. Т1аус, вайнехан к1ант кхеттал х1ума аьлла аса хьоьга.

Т1АУС. Со нийса кхеттехь, хьан т1ехьийзаш к1ант вац. Суна бакъо лохьа, хьайн ойла хийцайаллалца хьежа.

ЙАХА. Товш дац, вайнехан йо1ца иштта къамел дар.

САНА. Хинахойн йо1ца иштта къамел дар кхерам боцуш а дац, цул сов! Лераме Т1аус, тхо 1адда дитар доьху ас. Тхо хазахета ца даьхкина хин йисте, хи эца а ма дезий тхан.

Т1АУС. Хьоме маьхкарий, бехк ца биллар доьху аса. Аса кхин новкъарло ца йо шуна. Маьрша 1ойла шу!

САНА. Маьрша г1ойла хьо а!

(Т1АУС Д1АВОЬДУ)

САНА. Хьажахьа цуьнга г1ебарто санна къаьрзина духан а дуьйхина! Йаха, ледара-м вац турсойн к1ант.

ЙАХА. (ОЙЛАНЕ) Деллахь йу со, и турсойн к1ант вайна бале вер ву моьттуш.

САНА. Сан доттаг1, цо х1ун дуьйцу! Д1аваккхахь. Шадерг а дика хир ду, Даламукъалахь! Вайшинна а вер ву уггаре а дика ши к1ант, вайшиъ а хир йу ирс долуш, Даламукъалахь!

ЙАХА. Хьуна атта ду иштта ала, хьо хьайн овхой к1антаца йу. Бакъ дерг дийцича, ахьа цуьнца харцо йуьйцу. Ткъа цо хьо лоруш лелайо, оццуш сийдоцуш йелахь а.

САНА. Цо лоруш ца лелайо… (ЙЕЛАЛО) Цо йезаш лелайо, со ца хилчи дуьненахь ца ваххал.

ЙАХА. Сана хьо ма тамашена йу. Иштта хила мегара ма дац к1антаца.

САНА. Курхаллаш ца йайта цуьнга. Цо х1ун боху хаий хьуна? Шайн овхойн тайпа жа дажош ду боху Г1ой-хина а, Г1ум-хина а йуккъера аренашкахь. И бахьана долуш шайолу йо1 а шен нускал хила деза моьттуш а ву. Вайн тайпа к1езига девзаш дац. Хазбек лома т1ера Къорахи х1орда т1е кхаччалца девзаш ду вайн тайпа а.

ЙАХА. Битахьа и къийсамаш божаршна. Коьртаниг к1ант дика хилар ду, хьо цунна дукхайезар а. САНА. (Ц1АЬХХЬАНА Т1ЕЙОГ1АЛОЙ СОЦУШ) Собардел, накъост, цхьаъ везавелла хьуна? Дийцал суна.

ЙАХА. (ЭХЬ ХЕТИЙ) Д1айалахь. Даима духе йала г1ерта хьо.

САНА. (ХЬАСТАЛУШ) Алахьа, сан Йаха, мила ву и?

ЙАХА. Цхьа а вац-кха. (ОЙЛАНЕ) Гучу а ваьлла вай-кх.

САНА. Муха вайна! Аса дера вара и ворх1 ломал дехьа а каравийра сайн Йахийна!

ЙАХА. Сана, хьоме Сана, суна ма ца хаьа цуьнан ц1е а.

САНА. Х1умма а дац, и соьгахь вита ахьа. Вайн б1аьрсизах к1елхьара вер вац и. Сан хазаниг, хьо цкъа б1аьра гинарг, вуха ца ихча 1енлур вац хьуна ша велла д1аваллалца. Хьо сан малик ма ду!

ЙАХА. К1ант санна ч1ог1а йу-кх хьо, хьо йацахьара йиш йан а йацара.

(ГОВРИЙН БЕРГИЙН ТАТА ХЕЗА ГЕНАРА УЛЛО ДОГ1УШ. СОЦУШ ХААЛО. ГОВРАН ТАРСАР ХЕЗА. МАЬХКАРАША К1УДАЛАШ ОХЬАХИТТАЙО. Г1ОВГ1А ЙОЛЧУ АГ1ОРА ХЬОВСУ)

ЙАХА. Цхьаъ вог1уш-м ву. Хезий хьуна?

САНА. Х1ара ду-кха, экха ша кара дог1уш ду моьтту суна. Аса бохий хьоьга, к1антана хьо цкъа гича, цуьнан сапарг1ато йовра йу, ша велла д1аваллалца!

ЙАХА. (ДИККА ХЬОЖУ) Эх1, цхьа жима берем а ву и-м… Говра диттах йоьхкуш ву. Кхуза вайна т1е вог1уш ву.

САНА. (ХЬОЖШ ЙУ) Собар дехьа. Иза-м сан хьоме 1овхо ма ву. Ван а ву! (ЭХЬ ХЕТА).

ЙАХА. (ЕЛАКЪЕЖА) Х1ун до ахьа? Хьо йацара х1инцца, и гича а мегаш йац баьхнариг? Хьайн 1овхаро ц1е муха йу дага мукъане а дагадог1ий хьуна?

САНА. (Т1ЕВОГ1У К1АНТ УЛЛО ВЕЪЧА, КХИН А Ч1ОГ1А ЭХЬ ХЕТИЙ Д1АЙОЬРЗУ) (ЙАХИГА) Висам ву и.

ВИСАМ. (МАЬХКАРШНА УЛЛО ВОГ1У) Суьйре дика хуьлда шун, маьхкарий!

ЙАХА. Далла воьзийла хьо! Маьрша вог1ийла, вевзаш воцу хьаша!

ВИСАМ. Маршалла ду шуьга а, хьоме маьхкарий. Х1унда ву со вевзаш воцу хьаша. Кхузахьа-м хила тарло со вевзаш нах а.

ЙАХА. И мила ву хьо вевзаш, и лачкъадина 1аш верг?

ВИСАМ. (ВЕЛА А ЛУШ, Д1АЙИРЗИНА ЛАЬТТАШ ЙОЛУ САНА ГОЙТУ) Цхьаболу маьхкарий бу со вевзаш, амма царнна ца луучух тера ду и гайта. Со-м д1авоьду йуха а вист хила аьтто ца хуьлуш. (Д1АВОЬДУ КЕП ХОТТАЙО, ЦХЬАНА МЕТТЕХЬ КОГАШ А ТУХУШ)

САНА. (КХЕРАЛОЙ СХЬАЙОЬРЗУ, ЛАЬТТАШ ВОЛУ ВИСАМ А ГОЙ, ДОВНЕ ЙОЛУ) Эхь ца хета-кх цунна со лен йеш валла!

ВИСАМ. Кхерайеларий хьо, хазаниг, со давахана моьттуш! Даре дел!

САНА. Цхьацуьрг-м ца кхерайелира. Хьо-м маьрша стаг ву, маьршачу вайнехан латта т1ехь 1аш. Ахьа айхьа ма дуьйцура шайн 1овхойн тайпанийн йист йоцу жа дажон аренаш. Иштта дацара и?

ВИСАМ. Иштта-м дара и, делахь а курхалаш йеш вацара со. Цул сов со цкъа а ца хилла вайнехан тайпанаш къастош а, уьш шадерш вежарий санна ца хеташ а.

САНА. Тхан хинахойн тайпа шун 1овхойн тайпанал оьшуш дац боху аса!

ЙАХА. Сана, ахьа х1ун дуьйцу, бера санна курхаллаш йеш. Хьан дага чохь дериг кхинарг ма ду, ахьа дуьйцург кхин ду. Хьуна хала хета аьлла х1ума дац. Цхьаммо а ца боху вайн хинахой массо а вайнехан тайпанашна йуккъехь массара а лоруш дац. Висаме дош а ма ца кхочийту ахьа.

САНА. (ДОШ АЛА БАГА Г1АТТИЙНАЧОХЬ СОЦУ, ЭХЬ ХЕТИЙ ЙУХА А Д1АЙОЬРЗУ) Со… Со…

ВИСАМ. Схьахетарехь, хьо Сани уггара дукхайезаш йолу доттаг1 Йаха йу-кх?

ЙАХА. Йу. Со йу.

ВИСАМ. Йаха, хьо дика йо1 йу. Г1о дехьа суна х1ара йахье йаьлла йо1 кхетайа: со х1окхунна т1ом бохьуш ца веъна, машар безаш веъна.

ЙАХА. Х1ун машар безаш?

ВИСАМ. (Ц1ИЙЛУШ) Аса ойла ца йеш аьллачу шина дашо дарйина х1ара. Со гушшехь девне йолу х1ара.

ЙАХА. Эрна олуш дац вайн наха, багара даьлла дош духа ца доьрзу, цунна т1емаш довлу.

ВИСАМ. Бакъ боху ахьа, Йаха. Алахьа ткъа, х1ун дан деза аса, х1окху йахье йаьллачу хазчу йо1аца барт хилийта?

ЙАХА. Дешан дашца барт хилийта, дош оьшу. И дош хьуна карадахь, хьуна барт а, машар а карор бу.

ВИСАМ. Суна хаьа и дош!

ЙАХА. Таккха ала и дош!

ВИСАМ. И дош ду – безам!

САНА. (СХЬАЙОЬРЗУ. ЙУХА А Д1АЙОЬРЗУ, АММА АХ Д1АЙОЬРЗУ).

ЙАХА. Сийдолу к1ант, хьуна карийра и дош. Хьо нийса луьй!

САНА. (ЙАХИГА А, ВИСАМИГА А ЦА ХЬОЖУШ) Со кхузахь йоцуш санна къамеле ма девлла шу. Со новкъа-м йац шуна!

ЙАХА. Йац, сан йиша, хьо новкъа, хьо кхузахь коьртаниг йу!

САНА. (ЙЕЛАКЪЕЖА)

ВИСАМ. Оха хьоьга цхьа х1ума хатта мегар дуй, хьо коьртаниг а хилчи?

САНА. (КЪАЙЛАХА ЙОЬЛУ)

ВИСАМ. Сана, хьоьга хатта мегий?

САНА. Къамел дан цхьанна а дихкина дац кхузахь.

ВИСАМ. Хьо дуьххьара гиначул т1аьхьа, сан дог синпарг1ато йайна хьийзаш ду. Ткъа хьо суна гича, и сан дог кийрара схьаэккха г1ерташ хала сеца до аса. Хьоьга кхоллабеллачу безамо, хьийзачу сино хьан йуьхьсибат лоьхийта соьга, со тоьшийту хьан ойла а сан аг1ора кхийдаш йу аьлла. Аса 1овхойн Махкара дуьйна беъначу некъана реза йуй техьа хьо, т1еоьций ахьа и?

ЙАХА. (НЕ МОЖЕТ СКРЫТЬ РАДОСТИ ЗА ПОДРУГУ. УЛЫБАЕТСЯ)

САНА. (НЕМНОГО РАСТЕРЯНА) Ца хаьа суна-м…

ВИСАМ. Йо1ана хала ду дагара хаийта, дийца. Алахь соьга, со ван мегара дуй леррина хьо ган х1окху шовдана йистте. Йог1ура йуй хьо хина йистте кхана а? Жоп лохьа суна?

ЙАХА. (УЛЛО ЙОГ1У, ПХЬАРС К1ЕЛА ЛОЦУ)

САНА. (СМОТРИТ НА ЙАХУ)

ЙАХА. (Б1АЬРГАШ ХЬАБ А БЕШ ГОЙТУ)

САНА. Х1аъ!

ВИСАМ. Мел хаза ц1е йу-кх «Сана»! Цхьа дош а аьлла ирсе ви-кх ахьа со, уггаре ирсе хьокху маьлха дуьненахь!

(ГЕНАРА УЛЛО ДОГ1УШ Ч1ОГ1А КЕГИЙРАЧУ НЕХАН АЬЗНАШ ХЕЗА. СЦЕНИ ГЕНАРЧУ СОНЕХЬ ГУЧУВОЛУ БЕРС И, ЛОРС А. МАЬХКАРИЙ КУДАЛАШ СХЬА-

ЭЦНА, Д1АБАХА ТОХАЛО, АММА БЕРС ЙАХА А ГОЙ СОЦУ. ВИСАМ ЙИСТАХА ВОЛУ)

ЙАХА. (БЕРС А ГОЙ ХАЗАХЕТИЙ ЙАХА ЦХЬАЪ АЛА ЙУЛУ, ВИСАМ А, САНА ХИЛАРНА ЙУХИЙ СОЦУ) Берс… сан ваша…

ВИСАМ. (ЙИСТАХА ВОЛУ, БУКЪ БЕРЗОШ СОЦУ).

БЕРС. (Д1АВАХА Г1УРТУ, АММА ВИСАМ ВЕВЗИЙ ЙАХИГА) Йаха, сихало йе, нана хьоьга хьоьжуш йу.

ЙАХА. (БЕРС ЦХЬАНА Х1УМАНА РЕЗА ВОЦУШ ХЕТИЙ, САНИГА ХЬОЖУ)

САНА. (ЙАХА ЙОЬХНА ХААЛОЙ, НАКЪОСТАЦА БАРТ ХИЛЧИ САННА СИХА К1УДАЛШНА ЧОХЬ ХИ А ОЬЦУ).

ЙАХА. (САНИНА Т1АЬХЬЕ СИХА ХИ ОЬЦУ, КЪАЙЛАХА ВИСАМЕ КОРТА А ТА1АБОЙ Д1АЙОЬДУ).

ВИСАМ. (КОРТА ТА1АБО).

САНА. (КИВКОМ ГОЛОВЫ ПРОЩАЕТСЯ)

ЙАХА. (ВЕШИНА УЛЛЕ НИСЙЕЛЧА) Берс, со д1айоьдуш йу, гой хьуна? Валохьа тхоьца ц1а.

БЕРС. Кхузахь г1уллакх ду сан. Хьо сиха ц1а г1о, ц1ахь куьйгаш дила а хи дац, ткъа хьо кхузахь 1аш йу.

ЙАХА. Берс, дог ма дохадехьа хьайн, Делан дуьхьа. Ца волахьа соьца цхьаьна, нанина хьалха суна т1е ма х1утту хьо даима а. Хьо-м сан уггаре дукха везаш волу ваша вуй. Валохьа, Берс.

БЕРС. (ЖИММА К1ЕДА) Мегара ду, сой Лорсий шуна т1аьхье д1авог1у. Д1адуьйлало шу.

ЙАХА. Берс…

БЕРС. Аса аьллий, т1аьхьа д1авог1у. Д1аг1о сан йиша.

(МЕХКАРИЙ Д1АБОЬЛХУ).

ВИСАМ. (Д1АВАХА ТОХАЛО)

БЕРС. (ВИСАМАНА ДУЬХЬАЛА ВОЛУ) Говра-м ледара йац хьан, аьрха йу жимма. Амма сан 1аьржа дин ког тасабелла гала ца йаьллехьара, хьан сирчунна ц1ога гойтура йолуш-м йара. Реза вуй хьо, хьан ц1е а ца хаьа суна.

ВИСАМ. Висам йу сан ц1е. Хьан 1аьржаниг боккъал а дика дин бу, хасто бакъо йолуш.

БЕРС. Ткъа и боккъал а ког тасабелла галайелира, хьо хьайн сирачуьнца тхуна хьалха ваьлла хаьхкина д1авоьдуш.

ВИСАМ. Берс, хьан дин боккъал а дика дош шех ала дезаш бу. Хьоьца болу сайн ларам байа ца лаьа суна, амма ахьа оьг1азло а йина хьайн динан шед ца тоьхнехьара, хьан 1аьржаниг ког тасабелла гора г1ура йацара. Хьан говр шен амал йолуш йу, ахьа йуьхь йаьккхира цуьна шед а тоьхна. Цо и ца лайра.

БЕРС. Говрех-м хьо дика кхета моьтту суна, амма шаьлта ловзорца муха ву хьо, маттаца санна сиха вуй?

ВИСАМ. К1ант, иштта ца бо бегаш. Осалчу тайпанах вац со, амма дов лоьхуш вац со. 1овхойн тайпана ву со!

БЕРС. 1овхойн Мохк боккха бу, 1овхо бохург ч1ерийлецархо бохург дац вайнехан маттахь?

ВИСАМ. Вайнехан тайпанаш, тукхамаш шадерш а ду шайн доьналлийца девзаш.

БЕРС. Со а вац декъазчу тайпанах схьаваьлла, амма цхьадолчу тайпанашка хьаьжича, тхо шаьлта ловзон куьйг каде ду. Висам, тахана хьан дин сан динал хьалха баьлла, оцу динан

да вуй техьа сол каде шаьлтанца! Муха хьожу хьо оцу г1уллакхе? Хьалхара ц1ий хьаддалца! (КАДЕ СХЬАЙОККХУ БАТТАРА ШАЬЛТА).

ВИСАМ. Г1улкх доцуш йаькккхи ахьа, к1ант, шаьлта, х1инца ц1ий ца 1анош йуха батта йилла йиш йац хьан болата шаьлта! Аса вуьтура вац хьо 1адатан йийсарехь хьо цхьаъ.(ШАЬЛТА БАТТАРА ЙОККХУ).

(ГОВЗА ТАСАЛО ШИ А. ГОВЗА ХЕТАЛО ВАСАМ. БЕРС Ц1АЬХХЬАНА КОГ ТАСАЛОЙ ОХЬАВУЖУ, ВИСАМ ЛАТТА ВУЬСУ. УЛЛОХЬ ЛАЬТТА ЛОРС КХЕРАЛО ВИСАМА ШЕН ШИЧИЙНА ШАЬЛТА ТОХАРНА, И ШАЬЛТА А ЙОККХИЙ ЧУХЬОДУ ВИСАМАНА. БЕРС ХЬАЛА А ЭККХИЙ, ЛОРС САЦАВАН Г1УРТУ. ОЦУ ЙУККЪЕХЬ ВИСАМИН ШИННЕХ А К1ЕЛХЬАРА ВАЛА ВЕЗАШ ХУЬЛУ. ОЦУ ХЕНАХЬ ВИСАМАН ДОТТАГ1 ВАХА ГУЧУВОЛУ)

ВАХА. (И СУРТ А ГОЙ, ВАХА ЧУХЬОДУ ЛЕТАШ БЕРШ КЪАСТОН ДАГАХЬ). Шу хьера девлла! Шаьлтанашца латар декхна дуй ца хаьа шуна баккхийнчара Мехкакхеллахь? (ВИСАМ ВЕВЗА). Висам, хьо вац и? Вайшиъ цхьана тайпана ма ву! (ШАЬЛТА БАТТАРА А ЙОККХИЙ, ЧУХЬОДУ МОСТАГ1АШНА).

(Х1ИНЦА ВИСАМА БЕРС ЭШАВО ТКЪА БЕРС ВАХИНА ДУЬХЬУЛА ВУЬСУ. ЦХЬАТЕРРА ЛЕТА ГОВЗА ЛЕТАШ БУ КЕГИЙРА НАХ. АММА ЛОРС ДАРВЕЛЛА ШАЬЛТА 1ОТТА Г1ЕРТА, ВИСАМАН КУЬЙГАХ А 1УТТУ ЦО ШАЬЛТА.)

ВАХА. (БЕРСИН ШАЬЛТА ДУЬХЬАЛА ШАЬЛТА А ТОСИЙ, ЛОРСИНА ЧУХЬОДУ) Наь1алт хир ду шун ворхх1е а денна! Шаьлта 1отта дихкина ма ду вайнехан!

БЕРС. (ШЕН ШИЧИЙНА Т1ЕХ1ОЬТТИНА ЙУКЪАКХОССАЛО, ШАЬЛТА КХЕТИЙ ЦХЬАНА ГОЛА Т1Е ОХЬАВУЖУ).

(ГУЧУЙОЛУ САНИЙ, ЙАХИЙ. ЙОЬХНА Д1АСАХЬИЙЗА)

ЙАХА. (ШЕН ВЕШИНА БЕРСИНА ВАХАС Т1ЕЙЕХЬИНА ШАЬЛТА ГО, КОЬРТАРА ЙОВЛАКХ ДОККХУШ, БЕРСИНИЙ ВАХИНИЙ ЙУКЪАКХССАЛО)

ВАХА. (ДАРВЕЛЛА БЕРСИНА ТОХА КХИН ЦКЪА А ОЙБУ ШАЬЛТА. ОЦУ ХЕНАХЬ ДЕВНА ЙУКЪАКХОЬССИНА К1АЙН ШИФОН ГО, КОРТА 1УЬЙРА ХАЗА ЙО1 А ГО ЛАЬТТАШ).

ВАХА. (ЖИММА ХЕНА ЙУКЪАНА ЙОЬ1АН ХАЗАЛЛЕХ 1ЕХАВЕЛЛА ЛАЬТТА, Т1АККХА Ц1АЬХ.ХЬАНА Д1АВОЬРЗУ, ЙОЬ1АН 1УЬЙРА КОРТА ГАРАН ЭХЬ ХЕТИЙ. Ц1ЕХХАНА ЛАЗИЙНА ВИСАМ ДАГАВОГ1ИЙ, ЦУННА Т1ЕХЬОДУ. ЧОВ Ч1ОГ1А ЙОЦИЙ А ГОЙ, ДОККХА САДОККХУ).

(ЙАХА А, САНА А, ЛОРС А БЕРСАНА Т1ЕГУЛБЕЛЛА. ГЕНАРА ХЕЗА ОРЦАНАН АЬЗНАШ.)

ЙАХА. (ЙОВЛАКХЦА БЕРСИН ЧОВ Д1АЙОЬХКУ ЙОЬХНА УЛЛЕ КХОЧУШ ЙОЛЧУ АДАМИЙН Г1ОВГ1АНАШКА ЛА А ДОЬГ1УШ, ГОНАХА А ХЬОЬЖУ. ВАХЕХ Б1АЬРГ КХЕТА).

ВАХА. (ЙАХЕХ Б1АЬРГ КХЕТА) Йо1, Везачу Далла гуш ду-кх, аса лоьхуш нисделла дов дац х1ара! Къинт1ера йала суна! (ВИСАМ А, ВАХА А КЪЕВЛАВОЛУ ГУЧУРА).

(УЛЛО ЙОГ1УШ ЙОЛУ ОРЦАНАН АДАМИЙН Г1ОВГ1А АЛСАМА ЙОЛУ. ШИРА НОХЧИЙН МУКЪАМ БЕКА 1АДХЬОКХУЧУ ПОНДАРЦА).

2 СУРТ.

(СЦЕНИ Т1ЕХЬ ИЗЗА СУРТ. ГЕНАХЬ ГУШ ЛАЬМНАШ. НОХЧИЙН ШИРЧУ ЭШАРАН МУКЪАМ. САНА А, ЙАХА А ГУЧУЙОЛУ ЙЕСА К1УДАЛШ А ЙОЛУШ КУЬЙГАХ ОЬХКИНА. ШОВДАНА ЙИСТЕХЬ К1УДАЛШ ОХЬАХ1ИТТАЙО).

ЙАХА. (ГЕНАХЬ ГУШ ДОЛЧУ ЛАЬМНАШКА ХЬОЬЖУ).

САНА. Йаха, муха ву хьан ваша Берс, г1оле ца хил.ла цунна?

ЙАХА. Деллахьа, Сана, чов хьуо йелла цуьнан. Валарг-хит1ера аьккхийн лор Донца валон нах бахийтина дадас.

САНА. Цу Везчу Дала г1о дойла хьан вешина!

ЙАХА.. Дела реза хуьлда, Сана. Шадериг а Делан карахь ду-кх. (Гена хьоьжу).

САНА. ..Тахана ма г1айг1ане йу хьо, сан доттаг1. Шадерг а дика хира ду. Берс а, Дала-мукъалахь толура ву. Жимма сапарг1ате хилахь, сан йиша.

ЙАХА. Дела реза хуьлда хьуна, Сана. Ахьа даима дог оьцу сан хала киртиг т1ех1оьттича. Х1ун дийра дара техьа аса, хьо йацахьара? Хьан г1уллакхаш муха ду? Висамера х1умма а дац? Цунна а ма йинера оцу девна йуккъехь чов. Ч1ог1а-м ца хилла чов, хаий хьуна?

САНА. Висамас таха вог1ура ву ша аьлла кхуза шовдане. Гура ду-кх и муха да ву и шен дешан. Схьаг1ерта а ца лаьара и, х1ара д1адерзаллца. Вайн йуьртахь вайн к1ентаца дов дарна бехке бо уьш, царна цхьа бекхам бан дагахь бу вайнарш.

ЙАХА. Ца хаьа суна-м, х1унда сихбелла х1орш вовшийн ц1ий 1анон. Вайн къомана санна дукха мостаг1ий болуш къам дай, вайн латта дезаш. Кхуьура бар-кха вайн нах шайн турпала дог1маш т1еман арахь дахка.

САНА. Дала т1е ма дохьийла т1ом бала! (ОЙЛА ЙО). Висаман дага ма даг1ахьара тахана ван

ЙАХА. Йуханехьа ала г1ерташ-м йацара хьо? (ЕЛАКЪЕЖА).

САНА. Йара. Сихха схьа а веъна шех б1аьрг а тохийтина, сиха д1авахийта лаьара-кх.

ЙАХА. Тамашена йу хьо, Сана. Иза цкъа гучуваьллачул т1аьхьа, цунна шена а ма луура дац сиха д1аваха.

САНА. Ша цхьаъ мукъана а ма ваг1ахьара и.

ЙАХА. Х1ун ала г1ерта хьо?

САНА. Кхераме ду цхьаъ ша и вог1ийла. Шен оцу накъостаца мукъана и ваг1ахьара.

ЙАХА. (ТОХАЛО, ШЕН Ц1ЕНЙАЛАР ЦА ГАЙТА Г1УРТУ) Муьлхачу накъостаца боху ахьа?

САНА. Дага ца вог1у хьуна, цунна т1ех1оьттина к1ант? (ЙАХА Ц1ИЙАЛАР ХААЛО) Собардехьа, накъост, хьо ц1ен стенна йелла?

ЙАХА. Мила велла ц1е?

САНА. Хьо ц1ийелла-кх! Хьуна хьайна ган йезара хьайн йогуш йолу беснеш. И вуй и к1ант?

ЙАХА. Мила к1ант…

САНА. Ахьа соьга вийцинарг. Аса лохура ву аьлларг. Дере дел суна, и вуй и?

ЙАХА. Ву… Амма…

САТА. Х1ун… амма? Х1инца-м вайх к1елхьара вера вац хьуна и! Ц1е муха йу цуьнан?

ЙАХА. Ца хаьа.

САНА. Х1умма а дац, сан Йаха. Аса тидам бира и к1ант оцу дийнахь хьоьга муха хьаьжира. И 1енлур вац хьо ган вуха ца веъча.

ЙАХА. И ду-кх со уггаре а кхоьруг. Сан вешина чов йарна куьйг бехкенарг и ма ву. Веза Дела, х1ун дан деза аса! Иза а ма ву 1овхойн тайпанах. Мостаг1! Суна-м и б1аьрга ван ца веза веза! (Б1АЬРГАХ ХИ ХЬОДУ) Ткъа соьгахь и ца веза ницкъа бац…

САНА. (ЙАХА МАРАЙУЛЛУ) Декъаза сан йиша! Шадериг а дика хира ду… гура ду хьуна! Вайн тайпанашна йуккъера дов д1адоьрзур ду машарца. Хьуна хьайн ирс карийра ду, Даламукъалахь!

ЙАХА. Боккъал бохий ахьа? Машар хир буй… (Б1АЬРХИШНА ЙУККЪЕХУЛА ЙЕЛАКЪЕЖА).

САНА. Ду. Бакъ ду и, Даламукъалахь! Собардехьа… Хьуна хезарий?

Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.